



Pou Piblikasyon Imedya: 03/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOMINASYON POU KONBLE PÒS VID NAN TWAZYÈM DEPATMAN, DIVIZYON APÈL LA

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a twa nominasyon pou ranpli pòs vid nan Divizyon Apèl Tribinal Siprèm (Appellate Division of the Supreme Court) lan, nan Twazyèm Depatman. Jij yo chwazi jodi a pral pote eksperyans yo nan tribinal premye enstans yo, kalifikasyon jiridik enpresyonan, tanperaman jidisyè solid ak angajman pou jistis nan Twazyèm Depatman an. Jiris sa yo reflekte ekselans ak divèsite nan sistèm jidisyè a atravè Eta New York.

"Nouyòkè yo merite sa ki pi bon ak pi briyan pou defann sistèm jistis yo, e mwen pa gen dout ke twa nomine sa yo pral sèvi ak onè ak distenksyon", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ak eksperyans ak istwa divès, mwen fyè pou m nonmen jij sa yo nan Divizyon Apèl la epi mwen sèten ke sèvis yo pral avanse enterè jistis pou Nouyòkè yo."

Gouvènè a te nonmen Lisa Fisher, Andrew Ceresia ak Eddie McShankòm Jij Tribinal Siprèm, pou ranpli twa pòs vid nan Divizyon Apèl, twazyèm Depatman an. Twazyèm Depatman an kouvri ventwit konte ki nan pòsyon Rejyon Nò New York, ki etale soti depi Mid-Hudson Valley pou rive sou Fwontyè Kanadyèn lan epi jis nan lwès rive nan konte Schuyler ak Chemung ki nan Southern Tier.

### Onorab Lisa Fisher

Jij Lisa Fisher te sèvi kòm Jij nan Tribinal Siprèm nan twazyèm Distrik Jidisyè an depi li te eli an 2015. Anvan Tribinal Siprèm lan, Jij Fisher te yon Asistan Defansè Piblik nan Divizyon Tribinal Familyal la nan Biwo Defansè Piblik Konte Ulster a depi 2011 rive 2014. Jij Fisher te deja travay kòm yon pratisyen endividyèl soti 1994 rive 2013. Li te sèvi tou kòm yon Avoka Tribinal pou Onorab Edward T. Feeney nan Biwo Administrasyon Tribinal Eta New York ant 1999 ak 2007 ak yon Avoka Anplwaye a tan pasyèl pou Depatman Sèvis Sosyal Konte Ulster jiska 2001. Jij Fisher te fè yon Doktora Jiridik (J.D.) nan Shepard. Broad College of Law nan Nova Southeastern University ak yon Diplòm Lisans (BA) nan Syans Politik nan University of South Florida.

### Onorab Andrew G. Ceresia

Andrew Ceresia te sèvi depi 2017 kòm yon Jij nan Twazyèm Distrik Jidisyè Tribinal Siprèm Konte Rensselaer. Soti 2011-2016, Jij Ceresia te yon Jij Enterimè nan Twazyèm Distri Jidisyè Tribinal Siprèm Eta New York la. An menm tan, li te yon Jij nan Tribinal Konte Rensselaer soti 2009 a 2016. An 2009, Gouvènè David A. Paterson te nonmen

Jij Ceresia yon Jij Tribinal Konte. Soti 2005 rive 2009, li te sèvi kòm yon Avoka Tribinal Apèl nan Twazyèm Depatman Divizyon Apèl la nan Tribinal Siprèm NYS. An 2005, Jij Ceresia te yon Jij Enterimè nan Tribinal Vil nan Albany, Rensselaer, ak Hudson. Li te sèvi tou kòm yon Jij Vil pou North Greenbush soti 2004 rive 2009. Jij Ceresia te yon Avoka nan Carter, Conboy, Case, Blackmore, Maloney, ak Laird depi 1999 pou rive 2004. Soti 1998 rive 1999, Ceresia te yon Avoka Tribinal Apèl nan Twazyèm Depatman Divizyon Apèl la nan Tribinal Siprèm Eta New York. Jij Ceresia te gen yon J.D. nan Albany Law School ak yon B.A. nan SUNY Oneonta.

#### Onorab Eddie McShan

Depi eleksyon li an 2020, Eddie McShan te sèvi kòm yon Jij Asosye nan Premye Depatman Jidisyè Manda Apèl nan Tribinal Siprèm Eta New York la. Jij McShan ap sèvi tou kòm Jij nan Douzyèm Distrik Tribinal Siprèm Eta New York la. Anplis de sa, Jij McShan se yon Pwofesè Adjwen nan Depatman Biznis ak Para-jiris nan Bronx Community College CUNY depi 1998. Nan Tribinal Siprèm Eta New York la, li te yon Jij Enterimè soti 2016 pou rive 2018 ak yon Jistis Enterimè Ibrid an 2015. Soti nan 2013 rive 2018, Jij McShan te yon Jij nan Tribinal Sivil la pou Vil New York. Li te sèvi kòm yon Abit Espesyal pou Tribinal Siprèm Eta New York la ant 2008 ak 2012. Nan Tribinal Siprèm Eta New York la, Jij McShan se te Lejis Prensipal pou Jij LaTia Martin depi 1999 pou rive 2008 ak Lejis Asosye pou Jij Frank Torres depi 1998 pou rive 1999. Li te tou yon Avoka Asosye nan Kabinè Avoka Ronald Pelligra soti 1994 rive 1998. Jij McShan te genyen yon diplòm J.D. nan College of Law nan Syracuse University, yon Metriz Administrasyon Piblik (Master of Public Administration, M.P.A.) nan The Maxwell School nan Syracuse University ak yon B.A. nan Sosyoloji nan St. Lawrence University.

Komite Seleksyon Jidisyè (Judicial Screening Committee) pou chak nan kat Depatman Apèl yo revize aplikasyon yo epi fè entèvyou ak plizyè douzèn aplikan. Epi se sèlman aplikan sa yo ke yo estime ki "wotman kalifye" pa Komite yo ke yo te soumèt bay Gouvènè a pou konsiderasyon li. Pou yo ka jwenn "wotman kalifye," kandida yo dwe montre entegrite, endepandans, lidèchip, entèlijans, kapasite jiridik, jijman, tanperaman, ak eksperyans.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)